ALL RIGHTS RESERVED
सर्वाधिकार सुरक्षित

**49/FG/CC/M–2022–37**

# 2022

# मैथिली भाषा आओर साहित्य

*समय* : 3 घण्टा | *पूर्णांक* : 300

*अनुदेश* :

- उत्तर तिरहुता **अथवा** देवनागरीमे लिखू।
- परीक्षार्थी यथासम्भव अपनहि शब्दमे उत्तर देथि।
- उपांतक अंक पूर्णांकक सूचक अछि।
- सभ प्रश्नक उत्तर देब अनिवार्य अछि।
- एक प्रश्नक विभिन्न भागक उत्तर अनिवार्य रूपसँ एकहि संग लिखबाक अछि एवं ओकर बीचमे दोसर प्रश्नक उत्तर नहि लिखबाक अछि।

## SECTION—I

## खण्ड—I

**1.** निम्नलिखित लघूत्तरीय सभ प्रश्नक उत्तर लिखू (उत्तर अधिकतम *150* शब्दमे दातव्य) : 10×5=50

(क) भाषा आ बोलीमे की अन्तर अछि?

(ख) मैथिली एवं बंगलामे कतेक साम्य अछि?

(ग) मानक मैथिलीक विशेषतासँ परिचय कराउ।

(घ) मैथिली भाषाक ऐतिहासिक विकासक्रमक संक्षिप्त परिचय दिअ।

(ङ) नाटक ओ एकांकीमे अन्तरक स्पष्ट विवेचन करू।

**2.** आधुनिक मैथिली आलोचनाक स्थिति एवं स्वरूपसँ परिचय कराउ। 50

**अथवा**

मैथिली साहित्यक विकासमे कविशेखराचार्य ज्योतिरीश्वर ठाकुरक योगदानक उल्लेख करू।

**3.** आधुनिक मैथिली उपन्यासक विकासक समीक्षा करू। 50

**अथवा**

कालखण्डक दृष्टिसँ मैथिली साहित्यक परिवर्तित स्वरूपक विवेचन करू।

## SECTION—II

## खण्ड—II

**4.** निम्नलिखित पर लघु टिप्पणी लिखू (अधिकतम *150* शब्दमे दातव्य) : 10×5=50

(क) विद्यापतिक पदमे भाव-बोधक सरलता ओ मिठास

(ख) गोविन्ददास ओ विद्यापतिक पदक नायक-नायिका

(ग) मिथिला भाषा रामायणक आधारपर सीताहरणक योजना

(घ) मनबोधक कृष्णजन्मक विशेषता

(ङ) यात्रीजीक कवितामे मार्मिक व्यंग्य

**5.** हरिमोहन झाक उपन्यासमे समाज-कल्याणक भावना अन्तर्निहित अछि—सत्यापित करू। 50

**अथवा**

रमानाथ झा एक उच्च-कोटिक साहित्य-समीक्षक छलाह—अपन विचारसँ अवगत कराउ।

**6.** पूर्वापेक्षा मिथिलामे भ' रहल चारित्रिक स्खलनसँ होमए वाला विनाशक संकेत 'मिथिला नाटक' मे निर्देशित अछि—अपन विचार व्यक्त करू। 50

**अथवा**

आधुनिक मैथिली साहित्यक बहुविध विकासमे कवीश्वर पं० चन्दा झाक योगदान चिरकालपर्यन्त अक्षुण रहत—एहि उक्तिक समीक्षा करू।

★★★